

# Ti Bwat Zouti pou Evanjelizasyon

*Kesyon: Èske ou ap pwoklame Bon Nouvèl Bondye nan Jezikri nan sa w ap di epi nan jan w ap aji?  
Repons: M ap fè sa, gras ak èd Bondye.*

Tout Episkopalyen ki batize pwomèt pou yo pwoklame bon nouvèl Jezikri a ki bay renmen, ki libere nou epi ki bay lavi ki pap janm fini an. Atravè pratik esprityèl evanjelizasyon an, nou chache Jezikri, nou nonmen non li, epi nou selebre prezans renmen Jezikri a nan istwa tout moun ap rakonte—epi nou envite yo pou yo chache yon bagay *anplis*. Ti bwat zouti pou Evanjelizasyon an ede legliz yo ak endividi pou yo viv lavi yo dapre apèl sa a.

Telechaje tout resous yo—epi enfòmasyon sou sijè sa yo: renouvèlman Episkopal yo, fòmasyon disip ak evanjelizasyon, resevwa moun lakay nou, misyon ak plizyè gwoup etnik ak plis lòt bagay ankò nan sit sa a—[www.episcopalchurch.org/evangelismtoolkit](http://www.episcopalchurch.org/evangelismtoolkit).

## Fondasyon

Kòmanse ak Kontra Evanjelizasyon pou Legliz Episkopal la (Yon pawòl Konsèy Egzekitif la di sou pou ki sa evanjelizasyon enpòtan pou Episkopalyen yo) epi “Yon entwodiksyon pou yon Teyoloji Evanjèlik Pratik” (Se yon rale ki kout epi ki prezante gran liny nan pratik evanjelizasyon an nan jounen jodi a).

## Evanjelizasyon pou Debitan 101

Se yon materyèl ki fèt pou debitan epi pou moun ki gen espèyans nan evanjelizasyon tou. Evanjelizasyon pou debitan 101 se premye nivo evanjelizasyon nou an pou ekipe Episkopalyen yo pou yo reprann epi pou yo re-imaginer abidid pataje lide yo ak abidid ogmante relasyon yo ak Bondye gras ak Kris la. Li prezante yon ekip egzèsis pou esplorasyon, yon atelye Ekip Evanjelizasyon Episkopal la ap dirije.

## Esplorasyon Evanjelizasyon atravè Medya Sosyal

Resous yo egzaminen ni teyolojik ni pratik evanjelizasyon ak medya sosyal, e yo fè moun òdinè vin konfòtab pou yo bay temwayaj yo epi pou yo selebre Bon Nouvèl la an liny. Zouti sa yo gen materyèl ki pou ede mete yon kou Medya Sosyal nan fowòm pou granmoun nan sou pye.

## Temwayaj sou Kominote tout Moun Renmen an

Kanpay temwayaj sou kominote tout moun renmen an se yon kanpay evanjelizasyon ki mete evanjelizasyon ansanm ak rekonsilyasyon, pou li voye Episkopalyen nan kongregasyon pa yo a epi nan kominote a an jeneral pou yo pataje istwa pa yo ak lòt moun epi pou yo ranmase istwa lòt moun tou sou kesyon lafwa, sou kesyon rasyal ak diferans ant moun ak moun. Liv ki sèvi kòm gid ou kapab telechaje a gen tout bagay ou bezwen ladann pou w antre nan mouvman an, kote gen lè pou moun bwè kafe, lè pou ti gwoup rankontre, lè pou patisipasyon jèn yo, lè pou retrèt ak yon pratik lavi ki dirab.

**Pou w kab jwenn plis enfòmasyon epi pou w telechaje resous yo,  
al sou sit sa a: [www.episcopalchurch.org/evangelismtoolkit](http://www.episcopalchurch.org/evangelismtoolkit).**